

---

# Dwa travayè san papye yo selon lwa sou salè yo

**Pa:** Sant pou Travayè Brezilyen (Brazilian Worker Center), Enstiti pou Refèm Lwa nan Massachusetts (Massachusetts Law Reform Institute), Northeast Legal Aid, ak Greater Boston Legal Services

**Revize:** Mas 2025

Lwa sou salè yo kouvri **tout** travayè yo. Sitiyasyon imigrasyon ou pa enpòtan. Si yon anplwayè anboche w pou travay, yo dwe swiv lwa salè yo. Sa yo gen ladan lwa sou:

- salè minimòm,
- lè siplemantè,
- ti konsèy,
- resevwa peman,
- dosye travay ak salè, ak
- travay nan jou ferye.

Nan atik sa a, aprann sou fason pou jwenn èd si patwon ou an pa respekte lalwa nan Massachusetts.

**Si mwen pa gen yon kat vèt, yon pèmi travay, papye travay oswa otorizasyon travay, èske lwa sou salè yo pwoteje m?**

Wi. Lwa sou salè yo kouvri tout travayè yo. Sitiyasyon imigrasyon ou pa enpòtan.

**Si anplwayè mwen dwe m lajan, èske m ka jwenn li?**

Ou kapab anmezi pou jwenn lajan anplwayè w la dwe w la. Rele **Liy Asistans San Patipri sou Travay Avoka Jeneral Massachusetts la** nan (617) 727-3465 oswa depoze yon plent sou entènèt:

<https://massago.hylandcloud.com/231appnet/UnityForm.aspx?key=UFKey>

**Kisa mwen ka fè si anplwayè m nan ap vyole lwa a?**

Si anplwayè ou an vyole lwa a, rele **Liy Asistans San Patipri sou Travay Pwokirè Jeneral Massachusetts la** nan (617) 727-3465 oswa depoze yon plent sou entènèt:

<https://massago.hylandcloud.com/231appnet/UnityForm.aspx?key=UFKey>

---

## **Èske Biwo Pwokirè Jeneral Massachusetts la pataje enfòmasyon avèk ICE?**

**Non.** Biwo Pwokirè Jeneral Massachusetts la p ap pataje enfòmasyon avèk Sèvis Imigrasyon ak Ladwàn Etazini an (ICE). Yo pa gen okenn lyen ak ICE. Biwo Pwokirè Jeneral la vle tandem travayè ki san papye ki genyen plent yo.

## **Èske anplwayè m nan ka fè zak reprezay kont mwen si mwen plenyen sou salè m yo?**

**Non.** Li ilegal pou yon anplwayè menase, pini, oswa fè yon travayè mal nan nenpòt fason paske w te pande pou peye w selon lalwa oswa paske w te depoze yon plent bay yon ajans gouvènman. Zak reprezay ilegal yo gen ladan deklarasyon oswa menase pou deklare yon travayè bay ICE.

## **Èske mwen dwe ale nan Pwokirè Jeneral Massachusetts la oswa Depatman Travay Etazini an?**

Ou genyen 2 resous gouvènman an si yo pa peye w selon lalwa:

1. Biwo Pwokirè Jeneral Massachusetts la, ak
2. Depatman Travay Etazini an.

## **Biwo Pwokirè Jeneral Massachusetts**

Lè w fè yon depozisyon nan biwo Pwokirè Jeneral la, anplwayè w la kapab konnen ou te depoze yon plent. Sa depann de ki kalite plent lan. Sa pa vle di anplwayè w la gen dwa fè zak reprezay (retounen sou ou) nan okenn fason. Lè w depoze yon plent, ou ka di Biwo Pwokirè Jeneral la si ou vle rete anonim, **oswa** yon avoka, sant pou travayè, oswa lòt òganizasyon kominotè kapab depoze plent la pou ou san mete non w.

Gade sit entènèt Divizyon Travay San Patipri Pwokirè Jenera la,  
<https://www.mass.gov/orgs/the-attorney-generals-fair-labor-division>.

## **Depatman Travay Etazini an**

Depatman Travay la (DOL) aplike lwa federal la sou salè minimòm ak lwa sou lè siplémentè. Nan pase, DOL pa te di anplwayè w la ki lès ki te fè plent lan, epi DOL pa te pataje enfòmasyon sou travayè yo avèk lòt ajans gouvènman federal yo. Men politik sa yo kapab ap chanje. **Kounye a, genyen kèk risk pou DOL pataje enfòmasyon travayè yo ak lòt ajans, ki gen ladan ICE.**

Gade sitwèb Divizyon Salè ak Lè DOL la, <https://www.dol.gov/agencies/whd>.

## **Èske gen lòt opsyon pou aplike dwa mwen yo selon lwa sou salè yo?**

---

Ou kapab depoze plent sou salè yo nan tribunal. Men, souvan ou dwe depoze yon plent nan Biwo Pwokirè Jeneral la. Ou ka vle pale ak yon avoka anvan ou deside sou pi bon fason pou aplike dwa ou yo selon sou lwa salè yo.

## Plis Resous

### Lyen ki itil

[Divizyon Travay San Patipti](#) Pwokirè Jeneral Massachusetts la

- Liy Asistans Travay San Patipri a: (617) 727-3465
- Depoze yon plent sou entènèt: <https://www.mass.gov/how-to/file-a-workplace-complaint>
- Enfòmasyon plizyè lang: <https://www.mass.gov/guides/fair-labor-division-multilingual-resources>

Depatman Depatman Travay Etazini an Divizyon Salè ak Lè

- Divizyon Salè ak Lè a: 1-866-487-9243
- Fason pou depoze yon plent:  
[https://www.dol.gov/sites/dolgov/files/WHD/legacy/files/WHD1498HowToFileAComplaint\\_Hait.pdf](https://www.dol.gov/sites/dolgov/files/WHD/legacy/files/WHD1498HowToFileAComplaint_Hait.pdf)
- Enfòmasyon nan plizyè lang: <https://www.dol.gov/agencies/whd/publications-by-language>

### Konnen Resous Sou Dwa Ou yo - MIRA Coalition

Dokiman sou Konnen Dwa W yo: <https://miracoalition.org/know-your-rights-print-materials-in-multiple-language/>

- [Português](#)
- [Kreyòl Ayisyen](#)

Kat sou Konnen Dwa W yo (koutwazi Sant Resous Legal Imigran an):

<https://miracoalition.org/know-your-rights-print-materials-in-multiple-language/>

- [Português](#)
- [Kreyòl Ayisyen](#)

**Konsènan MassLegalHelp**

---

[MassLegalHelp.org](#) se yon sit entènèt ki gen enfòmasyon gratis epi pratik sou dwa legal ou yo nan Massachusetts. Se pwogram asistans legal, avoka, ak patnè kominotè nou yo ki ekri epi revize enfòmasyon nou yo.